*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 100 (25829)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2023 азы 8 июн — хурхæтæны мæйы 8 бон, цыппæрæм** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД *Фæндагон къабазы рæзт*

3 ХЪОМЫЛГÆНÆДЖЫ АЗ *Не ‘ппæтæн дæр базыртæ ды радтай*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Футбол*

**Видеоконференци**

## Цæрæнуæттæ, "Къæхтысæр", "Аквасити"

**Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис архайдта, Уæрæсейы Федерацийы арæзтад æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министры фыццаг хæдивæг Александр ЛОМАКИН кæй саразта, уыцы видеоконференцийы. Ныхас дзы цыди бæстæйы регионтæ къазнайы сæрмагонд кредитты тыххæй кæй балæвæрдтой, уыцы куырдиæттыл.**

фæрæзты æххуысæй рæздзысты туризмы къабаз æмæ цæрæнуæтты арæзтад. Уыдонимæ уыдзысты нæ горæты астæу Терчы былгæрон цæрæнуæтты æмæ коммерцион бæстыхæйттæ, арæзтад Дзæуджыхъæуы цæгат-ныгуылæн хайы, аквакомплекс "Аквасити", туристон комплекс "Къæхтысæр" Хохы Дæргъæвсы.

2024-2025 азтæн дæр ма рауадздзысты 620 милуан сомы. Уыцы ‘хца дæр ацæудзысты Дзæуджыхъæуы цæрæнуæтты инженерон æмæ социалон инфраструктурæйы рæзтæн.



Цæгат Ирыстоны ахæм кредиттæ хъæуынц цæрæнуæтты арæзтад æмæ коммуналон инфраструктурæйы проекттæ царды рауадзынæн.

"Ацы фарстайы мах кусæм Уæрæсейы Экономикон рæзты æмæ Финансты министрадтимæ, Регионты рæзты фондимæ. Цыдæриддæр гæххæттытæ хъуыди, уыдон сæм арвыстам. Уыцы проекттæ нæ республикæйæн сты иттæг ахсджиаг, нæ бон уыдзæн арæзтады æмæ инфраструктурæйы къабæзты нырыккондæр мадзæлттæ тагъддæр æмгъуыдмæ царды уадзын. Нæ зæрдæ дарæм федералон центры æххуысыл", — загъта Дзанайты Барис.

2022-2023 азты Цæгат Ирыстоны инфраструктурæйы кредитты фæрцы царды цæуынц цыппар проекты. Сæ аргъ уыдзæн 811,2 милуан сомы. Уыцы

**Нæ уацхæссæг**

**Сæрмагонд æфсæддон операци**

## Егъау æххуыс фронтæн

**Апрелæй фæстæмæ фонд "Наша правда" æмæ "Иугонд Уæрæсе" Донецкы Адæмон Республикæйы фыццаг æфсæддон корпус, 58-æм æфсад, Æфсæддон-уæлдæфон тыхты æмæ Уæлдæфон тыхты ныхмæ хъахъхъæнынады 4-æм æфсады, Уæлдæфон-десантон æфсады службæгæнджытæн баластой квадрокоптертæ, дронты ныхмæ арæзт комплекстæ, хæдтулгæтæ хъæугæ цалцæггæнæн комплектимæ, автомобилон радиостанцæтæ, æфсæддон уæлæдарæс, æхсæвы уынæн приборт æмæ бирæ æндæр хъæугæ дзаумæттæ.**

Июны райдайæны Уæлдæфон-десантон æфсады штабмæ æрбаластой квадроциклтæ æмæ зынгсирвæзты ныхмæ ифтонггæрзтæ.

"Æдæппæт фонд "Наша правда" балхæдта æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы хæстонтæн хъæугæ фæрæзтæ æмæ техникæ арвыста 500 милуан сомы аргъ.

"Иугонд Уæрæсе" æмæ йæ æрыгон гвардийы бархионты æххуысæй нæ фонд сæрмагонд операцийы æфсæддонтæн æххуыс кæндзæн дарддæр дæр", — бахахх кодта фонд "Наша правда"-йы генералон директор **Александр Бровченко.**

Бердянскы 58-æм æфсады дæлхайæдтæн баластой бастдзинады фæрæзтæ, Лугански æфсæддон хайæн та — 33 000 дронты ныхмæ æхсæн топпытæ. Херсоны облæсты æфсæддон хай райста алыранцæуæг автомобилтæ.

"Мах æххуыс кæнæм уæрæсейаг æфсад æмæ бархи æфсæддонты къордæн фронты иу кæронæй иннæмæ. Баласæм сын сгарæг æмæ радиосгарæг фæрæзтæ, алыранцæуæг хæдтулгæтæ, хæст кæм цæуы, уырдæм æвæстиатæй бацæуын æмæ цæфтæ раласыны тыххæй квадроциклтæ.

Æххуыс сын кæнæм знаджы дронтæ сæ уæлвæд базоныны фæрæзтæй. Кусæм æфсæддон хайады командæгæнджытимæ æмæ зонæм, цы сæ хъæуы, уый сæм æвæстиатæй кæй фæ-



хæццæ вæййы, уый", — загъта "Иугонд Уæрæсе"-йы Центрон æххæсткомы разамонæг **Александр Сидякин.**

Уый ма бафтыдта, сæрмагонд æфсæддон операцийы райдайæнæй фæстæмæ "Иугонд Уæрæсе" фронтæн æххуысæн кæй сæмбырд кодта 7 миллиард сомæй фылдæр. "Иугонд Уæрæсе"-йы регионалон хайады нымæрдар, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** бацамыдта, зæгъгæ, сæрмагонд операцийæн йæ райдайæнæй фæстæмæ парти æххуыс кæны бархионтæ æмæ сæрмагонд æфсæддон операцимæ кæмæ фæсидтысты, уыдонæн.

"Хæсты чи архайы, нæ уыцы фæсивæдæн партион актив кæны гуманитарон æххуыс, — загъта уый. — "Иугонд Уæрæсе"-йы депутаттæ сæм иудадзыг фæхæццæ кæнынц сæрмагонд техникæ, хойраджы продукттæ, медикаменттæ, уæлæдарæс. Зымæджы рæстæг партийы регионалон хайад саразта акци "Хъæбатыртæн — хъарм уавæртæ". Æлхæд æрцыд тæбын æндах, æмæ дзы республикæйы сылгоймæгтæ сæхи къухтæй скодтой тæбынцъындатæ æмæ хъарм уæлæдарæс. Иууылдæр æрвыст æрцыдысты хæстонтæн. Фæнды мæ арфæ ракæнын Ирыстоны цæрджытæн, уыдон сæхи иуварс нæ айстой, æххуыс кæнынц сæ хæстон нысантæ æххæстгæнæг фæсивæдæн, уыдонæн та ацы рæстæг ахæм æххуыс тынг ахсджиаг у".

**САНАТЫ Альбинæ**

**Куыстдæттыны армукъа**

## Бынæттæ æдзухдæр ис

**Цæгат Ирыстоны ацæудзæн куыстдæттыны Æппæтуæрæсеон армукъайы федералон къæпхæн "Уæрæсейы куыст. Фадæтты рæстæг".**

Куыстмæ исыны службæйы куыд фехъусын кодтой, афтæмæй армукъа ацæудзæн цыппар фæзы — Дзæуджыхъæуы национ музейы, Мæздæджы Культурæйы хæдзары, стæй Елхот æмæ Цыколайы Культурæйы хæдзæртты.

Армукъайы уæрæх æвдыст æрцæудзысты куысты бынæттæ куыстдæтджытæй, куыстагурджытæн сæ бон уыдзæн компаниты минæвæрттимæ сæ ахуыр кæнæ фидæныл




аныхас кæнын, куысты ныллæугæйæ, паддзахадон æххуысы тыххæй.

"Куыстдæттыны æппæтуæрæсеон армукъайы хорздзинад уый мидæг уыдзæн, æмæ, куыст чи агуры, уыцы граждæнты алы рæттæм цæуын нæ хъæуы, алыхуызон куыстдæтджытимæ аныхас кæнын æмæ сæм цы бынæттæ ис, уыдон базоныны тыххæй. Уыдонæн сæ бон у уайтагъд баныхас кæнын æмæ куыстмæ бацæуын.

Уымæй уæлдай дзы куысты бынæттæ æвдыст æрцæудзæн иннæ регионтæй дæр", — загъта Цæгат Ирыстоны цæрджытæн куыстдæттыны комитеты пресс-секретарь **Дианæ Павлиашвили.** Куыстдæтджытæ зæрдиагæй архайдзысты æппæт армукъаты дæр, зæгъынц уагдоны. Азæй-азмæ æнæивгæ уыдзæн иу хъуыддаг: республикæйы æдзухдæр ис бынæттæ кусæг дæснийæдтимæ специалисттæн. Хуыйджытæ, слесыртæ, æндадзджытæ, трамвай скъæрджытæ, хъахъхъæнджытæ хъæуынц æдзухдæр.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

**Мæздæджы районæй**

## Конкурсы фæуæлахиз сты

**Мæздæджы скъола-интернат æмæ Павлодольскæйы станицæйы скъола фæуæлахиз сты æппæтуæрæсеон конкурс "Скъолайы музей: нымæцон хызæджы".**

"Конкурсы архайдтой бæстæйы 69 регионæй мин кусæндонæй фылдæр. Цæгат Ирыстон æмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, стæй **Захар Тигеевы** тыххæй хабæрттæ базоныны фадат кæй фæрцы ис, нæ музейы æрæмбырд кодтам ахæм экспонаттæ. Хицæн бынат дзы ахсы сæрмагонд æфсæддон операцийы фесгуыхæг не 'мзæххонты тыххæй экспозици. Иртасæн куыст æхсызгонæй æххæст кæнæм", — зæгъы амынд интернаты ахуырдзау **Хедæ Хангиреева.**

Павлодольскæйы станицæйæ рацæуæг, Арктикæ æмæ Антарктикæйы таурæгъон иртасæг **Артур Чилингаров** йæхи къухæвæрдимæ станицæйы скъолайæн кæй балæвар кодта æмæ, Цæгатаг полюсмæ атомон ихсæттæг



нау "Сыбыр"-ы фæндаг кæм амонынц, ахуыргæнæндоны коллектив уыцы географион картæйæ сæрыстыр у (Чилингаров амынд экспедицийы архайдта).

Экспонаттимæ дарддæр кусынæн скъолатæн радтой дипломтæ æмæ 300 мин сомы бæрц сертификаттæ.

**Евгения ВЫБОРНАЯ**

## 8 июны – Уæрæсейы социалон кусæджы бон

## Арфæтæ

**Цæгат Ирыстоны социалон къабазы кадджын кусджытæ!**

*Уæ профессионалон бæрæгбоны фæдыл райсут мæ зæрдиаг арфæтæ!*

*Сымах куыст, зонын æй, æнцон нæу, домы бирæ удыхъару, фæразондзинад, фæлмæн уæвын. Сымах вæййут адæймагæн йæ тыхст сахаты йæ фæстаг ныфс æмæ фæхæцæн. Хистæр фæлтæры минæвæрттæ, зилынхъуаг адæм, æнæ ныййарæгæй чи баззайы, уыцы сабиты æппæтæй тынгдæр хъæуынц уæ куыст, уæ хъарм ныхас!*

*Сымах иудадзыгдæр стут вазыгджын уавæрты, уымæн æмæ, куыд баххуыс кæнат адæймагæн, уымæй бирæ аразгæ уыдзæн йæ дарддæры царды хъуыддаг. Уæ куыстæн уæлдай стыр ахадындзинад ис абон — нæ паддзахад хæсты быдыры хъахъхъæны йæ сомбон, æмæ уе 'ххуыс хъæуы сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеранты, хæсты архайджыты бинонты дæр. Æмæ сын уыцы ‘ххуыс сымах цæстуарзонæй кæнут, цæттæ стут кæддæриддæр уыдонæн уæ зæрдæты хъармæй фæхай кæнынмæ.*

*Зынаргъ æмбæлттæ! Иу хатт ма уын кæнын зæрдиаг арфæтæ уæ бæрæгбоны фæдыл! Æнæниз ут, амондимæ цæрут уæ бинонтимæ, уæ сомбонæй уæ зæрдæ кæддæриддæр фидар уæд!*

**Сергей МЕНЯЙЛО,**
**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг**

**Ирыстоны социалон къабазы зынаргъ кусджытæ!**

*Нæ республикæйы Парламенты депутатты номæй уын зæрдиаг арфæ кæнын Социалон къабазы кусæджы бæрæгбоны фæдыл!*

*Уæрæсейы æрвылаз дæр парахатæй сбæрæг кæнынц уыцы бæрæгбон. Æмæ уый хуымæтæджы нæу — сымах куыст не 'хсæнады у тынг ахсджиаг æмæ вазыгджын. Домы адæймагæй канд дæсны кусæг уæвын нæ, фæлæ ма цæмæй хайджын уа адæймаджы хуыздæр миниуджытæй дæр. Æрмæст уыдоны фæрцы бакæнут сымах нывыл æххуыс ветерантæн, пенсиисджытæн, сидзæр сабитæн, æххуысхъуаг бинонтæн, фенцондæр сын вæййы царды зындзинæдтимæ, хъысмæты цæлхдууртимæ тох кæнын, сæ ныфс нæ асæтты.*

*Стыр бузныг уын! Æнæниз, амондджын ут, цы хорз фæндтæ уæм ис, уыдон уын сæххæст уæнт!*

**ТУСКЪАТЫ Таймураз,**
**РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар**

**Пресс-конференци**

## Алывæрсыг лæггæдтæ — адæмæн

**"Республикæйы социалон хъахъхъæнынады къабазы кусы 3,5 мин адæймаджы, министрады бæрны ис 33 паддзахадон бюджетон организацийы, лæггад дзы кæнынц алыхуызон къордты граждæнтæн", — уый тыххæй фехъусын кодта фæллой æмæ социалон рæзты министр АЙДАРТЫ Алинæ, социалон кусæджы боны агъоммæ цы пресс-конференци саразта, уым.**

Социалон лæггæдты центртæ æмæ цæрджыты социалон хъахъхъæнынады управленитæ республикæйы æнтыстджынæй кусынц 12. Уæрæсейы Президенты уынаффæмæ гæсгæ, ацы аз 31 майы арæзт æрцыд "Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты фонд". Фаронæй архайд цæуы ацы къордты граждæнтæн социалон паспорттæ скæныныл, фонд та ахъаз у, Украинæйæ чи здæхы, уыцы æфсæддонтæ æмæ сæ бинонтæн алывæрсыгæй æххуыс кæнынæн. Нырыдæгæн республикæйы ис 25 мин хæстон архайæджы, фонды кусджытæ цæст дардзысты сæ бинонты царды уавæртæм, цы фарстатæ сæ тыхсын кæны, уыдонмæ. Йæ кусджытæй алы районы дæр уыдзæн 1 — 2 минæвары. Арæзт æрцыд Фыдыбæстæйы хæстонты бинонты комитет, фæстæдæр нысан кæнынц хайадмæ йæ раивын.

Украинæйы æфсæддон операцийы архайджытæ реабилитацион æххуыс исдзысты республикæйы фондз куыстуаты: санаторитæ "Осетия" æмæ "Сосновая роща"-йы, Ацæргæ æмæ инвалидты боныгон центры, адæймаджы цæуыны-змæлыны дзæбæхгæнæн æмæ Геронтологон центрты. Исдзысты дзы бирæвæрсыг æххуыс. "Нырыдæгæн дæр цæттæ стæм, реабилитаци уал цæуы санаториты. Каст у республикæйы Сæргълæууæджы уы-



наффæ бафыссынмæ," — фехъусын кодта министр.

Украинæйæ лыгъд 340 адæймагæй 119, уыдонимæ — 68 сывæллоны, сты рæстæгмæйы цæрæн бынæтты. Иннæтæм цæст дарынц æмæ æххуыс исынц социалон хъахъхъæнынады иумæйаг центрты. Цæрынц Тæмисчъы реабилитацион центры, сывæллæттæ се ‘нæниздзинад фидар кæнынц санаторитæ "Юность" æмæ "Осетия"-йы. "Куы бахъæуа, уæд цæттæ стæм фылдæр æрбынатон кæнынмæ лыгъд адæмæй," — уыд министры дзуапп журналисттæн

Социалон бадзырдты фæдыл дзургæйæ, Айдарты Алинæ бафиппайдта, ацы аз кæй нысан кæнынц 1243 бадзырды бафыссын. Афæдзы райдайæнæй уал сæ тыхы бацыдысты 644 бадзырды. Сæйрагдæр, уыдон æххуыс сты фæкæсынхъуаг æмæ бирæсывæллонджын бинонты царды уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн. Æххуыс цæуы цыппар хуызы: хи куыстуат байгом кæнынæн — 350 мин сомы онг, хи хæдзарадæн — 200 мин сомы онг, æндæр хъуыддæгтæн — 80 минæй чысыл фылдæр. Куырдиæттæ бирæ балæвæрдтой.

Иннæ ахсджиаг фарста: скъоладзауты æнæниздзинады лагертæ. Республикон бюджетæй дихгонд æрцыд 230 милуан сомы, уыдонæй 43 милуан сомы бахардз кæндзысты хæринагыл æмæ æнæниздзинад фæфидардæр кæныныл. Дыууæ мин сывæллоны нысан кæнынц Сау денджызы æмæ республикæйы фæлладуадзæн бынæттæм арвитын. "Мад æмæ сывæллон"-ы балцæгтæм гæсгæ лагертæм арвитдзысты сентябры. Иумæйагæй баулæфдзысты æмæ се ‘нæниздзинад фæфидардæр кæндзысты 36 мин сывæллоны. Инклюзивон лагертæ кусдзысты интернат "Ласка"-йы. Сæ куырдиат бахастой "Время перемен"-ы организацийæ, цæмæй Дауны низимæ сывæллæттæн сæрды мæйты арæзт æрцæуой ахæм лагертæ. Райдыдтой кусын, алы къорды дæр ис 12 ахæм сывæллоны сæ хотæ æмæ ‘фсымæртимæ. Айдарты Алинæ куыд загъта, афтæмæй сæ зæрдæмæ тынг цæуы.

Фидæнмæ нысантыл дзургæйæ, министр бафиппайдта, хæсты архайджытæн бирæфадатджын реабилитацион центр саразыныл кæй ныхас кæнынц, уый. Комплексон центртæ арæзт æрцæудзысты Горæтгæрон æмæ Мæздæджы районты.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**авторы ист къам**

Æмбырд

# Фæндагон къабазы рæзт

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис скодта Цæгат Ирыстоны фæндагон къабазы рæзтимæ, уыдонимæ — æхсæнадон транспорт дæр баст æмбырд. Архайдтой дзы профилон министртæ, ведомствæты разамонджытæ, районты хицæуттæ.**



Транспорты æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты сæрдар **Солиты Тариэл** куыд радзырдта, афтæмæй 2023 азы хъуамæ саразой, рацаразой, регионалон æмæ муниципалитетты ‘хсæн ахадындзинадимæ æхсæз объекты. Се ‘хсæн сты автомобилон фæндаг "Дзæуджыхъæу-Æрыдон-Цыкола-Лескен-2" (Мичурины хъæуы фæрсты цæуæг), Дæллаг Зæрæмæгæй рекреацион комплекс "Мамысон"-мæ фæндаг, æмæ Цыколайы хъæуы фæрсты цæуæг автофæндаг "Дзæуджыхъæу-Æрыдон-Цыкола-Лескен-2".

Объектты ‘хсæн сты федералон автофæндаг А-164 "Транскам", æрдæгарæзт фæндаг Дæллаг Зæрæмæгæй комплекс "Мамысон"-ы онг, "Транскам"-Уæллаг Зджыд-Мæцутæйы фæндаг хъуамæ рацаразой. Хутор Поповмæ фæндаг дæр рацараздзысты. Ацы аз æхсæз хиды рацараздзысты, ныртæккæ сты заууат уавæры, фидардзинадæн, фæндаджы æдасдзинадæн дзуапп нæ дæттынц. Ацы аз фондз объекты скусдзысты.

Солийы-фырты ныхасмæ гæсгæ, автомобилон фæндæгты 15 хаймæ базилдзысты, сты регионалон æмæ муниципалон ахадындзинадимæ, бахъæудзæн сын 665 милуан сомы. Фæндæгтæ сцалцæг кæнынæн районтæ республикон бюджетæй райсдзысты субсидитæ. Дзæуджыхъæуы æмæ районты фæндæгтæн сæ 69 хаймæ базилдзысты, сæ дæргъ у 57,8 километры.

Дзанайты Барис куыд радзырдта, афтæмæй нæ автомобилон фæндæгтæ банывыл кæнын дзæбæх фæзындзæн республикæйы экономикæйы рæзтыл æмæ социалон къабазыл. "Фарон сцалцæг кодтам, рацарæзтам фæндæгты 150 километры. Ацы аз нæ размæ лæууы ноджы ахсджиагдæр нысантæ, хъуамæ базилæм фæндæгты 137 объектмæ. Хъуамæ нæ зæрдæ ма ‘хсайа куыстыты хæрзхъæддзинадмæ", — фæбæрæг кодта Хицауады Сæрдар. Уый ма Транспорты æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитетæн районты разамонджытимæ бахæс кодта



фæндагон-арaздадон куыстытæ хæрзхъæдæй æмæ афойнадыл сæххæст кæнын. Хъуыддæгтæ хъуамæ æмбæрстгонд уой Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрадæн.

Уæлдай æргом аздахын хъæуы Беслæны, Алагиры, Дзæуджыхъæуы фæндæгты инфраструктурæйы объекттæм, цы куыстытæ дзы кæндзысты, уыдоны бæрц нымайгæйæ. Алы хъуыддаг дæр хъуамæ пъланмæ хаст æрцæуа. Объектæн хъуамæ саразой паспорт, скъолатæ æмæ рæвдауæндæтты цур къахвæндæгтæ хъуамæ æнæмæнг фæзыной.

Æмбырды архайджытæ рæгъмæ рахастой æхсæнадон транспорты куысты æмæ нывылады фарстатæ. Маршрутон хыз æвдыст цæуы 185 маршрутæй, уыдоныл кусынц 240 шофыры алыхуызон исбонадон хуызтимæ. Куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй республикæйы æхсæнадон бæлццæттæласджыты хыз нывылгонд цæуы. Куыд зонæм, афтæмæй РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** бахæс кодта, цæмæй цыбыр, рæстæмбис æмæ дæргъвæтин рæстæгæн бацæттæ кæной транспорты куысты комплексон схемæ.

Фарон, куыстуат "Автоколоннæ 1210" "Сбербанк-лизинг"-ы руаджы балхæдта 67 автобусы, 40 сты муниципалитетты ‘хсæн фæндæгтыл, 27 — регионты ‘хсæн фæндæгтыл. Уыдæттæ фехъусын кодта бæлццæттæласæг компанийы генералон директор **Хъараты Зауырбег**. Дзæуджыхъæуæй районтæм уæлбар бæлццæтты ласынц ног автобустæй. 1 февралæй Дзæуджыхъæуæй Алагирмæ адæмы ласынæн радтой 16 ног автобусы, Дзæуджыхъæуæй Беслæнмæ 15 мартъийы радих кодтой 22 ног автобусы. Уымæй уæлдай, Дзæуджыхъæуæй Фыййагдонмæ цæуы иу автобус, Сырх-Дыгурмæ дæр — афтæ. Ног автобустæ æххæст сты "ГЛОНАСС"-ы хызæй, цæстдарды камерæтæй, тахографтæй, фæндаггаг æнæ æхцайæ фидыны фæрæзтæй.

Республикæйы Хицауады Сæрдар куыд бафиппайдта, афтæмæй РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг бахæс кодта, цæмæй æхсæнадон транспорты рацарæзт бантыса. "Æлхæнæм ног автобустæ, транспорты парк ноггонд цæуы. Æппæт зындзинæдтæ лыг кæнæм, ацы аз дæр фæндагон инфраструктурæйы хæрзхъæддзинадыл кусдзыстæм, бæлццæттæ ласыны хъуыддаг нывылгонд цæудзæн. Хъуамæ уыцы нысантæ æххæстгæнджытæм уа цæстдард, зæгъæм, сæ финансон-хæдзарадон архайд, транспорты техникон уавæр, фæндæгтæм рахизыны размæ шофыртæн медицинон æркаст кæнын", — загъта Дзанайты Барис.

Хицауады Сæрдар куыд бафиппайдта, афтæмæй райсомæй æмæ изæрæй хъуамæ транспорты куыст иртæст цæуа, бæлццæттæ зындзинæдтæй цæмæй хызт уой, уый тыххæй.

**Нæ уацхæссæг**

Бынæттон хиуынаффæйад

# Доны станцæйы нывылад

**Дзæуджыхъæуы Китайаг фæзмæ ’ввахс ран æрбынæттонуæвæг Доны станцæ аив кæныны фæдыл куыстытæ кæронмæ фæхæццæ кæнынц.**

Ацы хабар горæты администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав** йæ телеграм-каналы ныффыста. Милдзыхыфырты ныхасмæ гæсгæ, донæй кæй байдзаг кæндзысты, стæй 50 метры дæргъæн æмæ 25 метры уæрхæн каркасон бассейн кæм сарæзтой, уыцы цады чысыл бæлæгълæууæнтæ монтажгонд æрцыдисты. Специалисттæ аразынц волейболон æмæ футболон фæзтæ.

"Мæ дæлбартæн бахæс кодтон пляжмæ кварцон змис æрбаласын, стæй дзы дæлбазыртæ саразын. Адæмæн уыдзæн кæнгæ цады бæлæгътæй пайда кæныны фадат. Хъарм боныхъæд куы скæна, уæд æрвылкъуыри дыууæ цадæй дæр дон исдзысты. Адæмæн Доны станцæйы хъуамæ уа хи æдасæй найыны фадат. Аст ирвæзынгæнæджы æмæ дымсгæ моторджын бæлæгъ Доны станцæмæ æрбацæуæг адæмы æдасдзинадæн ахъаз кæндзысты", — фыссы хицауиуæггæнæг адæймаг.



Милдзыхты Вячеславы ныхасмæ гæсгæ, Доны станцæйы фæзындзæн уазæгдон. Уымæй уæлдай, цады алыварс æмбонд сахоринаг у, фæлладуадзæн тæлм та — бырæттæй расыгъдæггæнинаг.

**Нæ уацхæссæг**

Акци

## Ветерантæн

**22 июн нымад у Номарæн æмæ хъыджы боныл. 82 азы размæ амынд бон Фыдыбæстæйы Стыр хæст кæй райдыдта, уый нымайгæйæ, чысыл хъуагæй 200 милуан адæймаджы цард ’’уый размæ æмæ уый фæстæ’’-йыл фæдих.**

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæн нымайгæйæ, æрвылаз 22 июны æххæст кæнынц акци "Номарæн мыдадзын цырагъ".

Акци онлайн уагæй — ома, виртуалон мыдадзын цырæгътæ сайт: деньпамяти.рф/-йы ссудзыны фæрцы - кæй æххæст кæнынц, уый нымайгæйæ, нæ адæмæй бирæтæн ис æппæтнацион Номарæн æмæ хъыджы боны архайыны фадат.

Фæстагмæ акци "Номарæн мыдадзын цырагъ"-ы архайджытæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæн комкоммæ уагæй медицинон æххуыс бакæндзысты. Адæм цал мыдадзын цырагъы ссудзой, хæрзаудæн фонд "Фæлтæрты номарæн" уый бæрц æхцайы фæрæзтæ радих кæндзæн æмæ сæ ветерантæн баххуыс кæнынмæ барвитдзæн.

**Æхцайы цыфæнды бæрц сайт: pamyatpokoleniy.ru/-йы фæрцы барвитгæйæ, адæмæн ис фондимæ иумæ ветерантæн æххуыс кæныны фадат.**

**РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитеты пресс-службæ**

Æхсæнадон организацийы

## Сагъæссаг уавæр

**Алагиры районы Хохы Фыййагдоны сывæллæтты хъазæн фæзы цауд уавæр Æппæтуæрæсеон адæмон фронты цæгатирыстойнаг хайады уæнгты сагъæсы æфтауы.**

Ацы хабар фыст ис æхсæнадон змæлды пресс-центры хъусынгæнинаджы.

— Сывæллæтты æнæфснайд хъазæн фæз адæймаджы æнæниздзинадæн знаггад куы æрхæсса, уымæй тæссаг у. Уæвæн ис, æмæ раууатмæ 'рцæуæг иуæй-иу хъазæн ифтонггæрзты аххосæй сывæллæттæ фæцæф уыдзысты. Фæхсбандæттæй æрмæст иуæй-иу хæйттæ баззадысты. Сабитæ хъазынмæ кæдæм æрбацæуынц, уыцы футболон æмæ баскетболон тæлмытæ хæмпæлы бын фесты. Адæмон фронт районы æмæ поселочы администрацитæм хъæстытæ барвыста. Хорзæрдæм ивддзинæдтыл зæрдæ дарæм, — загъта пресс-службæйы минæвар.

**Нæ уацхæссæг**

Фæндæттæ

## Æфснаинаг объекттæ

**Æртыккаг æппæтуæрæсеон онлайн-хъæлæскæнынады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, дыууæ азмæ Цæгат Ирыстоны 80 æхсæнадон тæлмæй фылдæр аивгонд æрцæудзысты.**

Æвзæрсты архайдтой 87 мин цæгатирыстойнагæй фылдæр. Раивæн объекттæ нымайгæйæ, иннæ аз нæ республикæйы саив кæндзысты 40 æхсæнадон фæзуаты, ацы аз та бафснайынмæ хъавынц 41 фæзуаты. Ныртæккæ кæй аив кæнынц, уыцы 33 объектæй æхсæз ныридæгæн æфснайд æрцыдысты.

Æдæппæт хъæлæскæнынадмæ бахастой 59 объекты. Дзæуджыхъæуы æппæтæй фылдæр хъæлæстæ чи æрæмбырд кодта, уыцы Фæскомцæдисон парк нымад у онлайн-хъæлæскæнынады раздзогтæй иуыл. Æфснайæн куыстыты хай æххæст кæнын райдайдзысты ацы аз. Проект бацæттæгæнæг адæм дзæуджыхъæуккæгты фæндæттæ банымадтой.

**ГУЫРИАТЫ Хъазыбег**

Рохæн æвгъау нæмттæ

# Сыгъдæг зæд Донбассы сæрмæ

**Донбассы цæрджытæм æххуысмæ фыццагдæр чи араст, уыцы бархионтимæ уыд батальон ’’Пятнашка’’-йы командæгæнæг МАМИАТЫ Олег дæр. Уый уыд 2014 азы, ирон хъæбатыр фæмард 2018 азы, 17 майы, нæмгуытæй йе ‘мбæлтты хъахъхъæнгæйæ. Фондз азы рацыд уæдæй, йæ хиуæттæ сæ мысинæгтæ дзурынц.**

### Дада йæ лæг уæвыныл ахуыр кодта

Фронты раззаг хаххыл сæмбæлгæйæ, Мамиаты Олег Донбассы æппæт "тæвд" бынæтты дæр уыд: Донецкы аэропорт, Мариновкæ, Авдеевкæ, Саур-Могила. Хæсты тыххæй хабæрттæ искæмæй нæ базыдта, Ирыстоны цæрæг 2008 азы архайдта Хуссар Ирыстон бахъахъхъæныны. Донбассы батальоны командæгæнæг, фæсномыгæй "Мамай", сарæзта тыхджын бригад. Иу тохы Мамийы-фырт уæззау цæф фæцис, цæф æфсæддонты арты бынæй куы ласта, уæд йæ сæрыл нæмыг ауад. Донецкаг Адæмон республикæйы сæргълæууæджы Указæй хорзæхджын æрцыд Республикæйы орденæй.

Алы аз дæр Ирыстоны æмæ Донбассы Мамиаты Оледжы цыртдзæвæны цур йе ‘мбæлттæ æмæ хиуæттæ æрымысынц хъæбатыры. Дзæуджыхъæуы, Намысы аллеймæ æрбацæуы йæ мад **Мамиаты Верæ.** "Тынг сæрæнæй рæзт Олег, цæрдæг лæппу уыд. Скъолайы кæнæ æндæр искуы нæм цавæрдæр зындзинæдтæ уа, уый нæ хъуыды кæнын. Сывæллæтты ‘хсæн уыд хистæр, йæ дыууæ хойæн уыд ныфсы хос, æнæхъæн бинонтæн дæр афтæ. Суанг сывæллон уæвгæйæ дæр æххæст уыд бæрнондзинадæй, рæстагдзинад та йæм уыд æппæты бæрзонддæр бынаты. Фæндыд æй йæ дадайы хуызæн уæвын. Уый хæстон уыд, сабидугæй фæстæмæ Оледжы ахуыр кодта лæг уæвыныл", — зæгъы хъæбатыры мад.

Мамиаты Верæйы ныхасмæ гæсгæ, кæддæриддæр Мамиаты Олег уыд хæларзæрдæ, аудæг адæймаг, йæ мадмæ йæ цæст æппынæдзух дардта. Рæсугъд ныхæстæй дзурын нæ зыдта, фæлæ хъуыддæгтæй æвдыста йæ ахаст. "Уый адæймагмæ гуырын кодта æууæнк, хæстмæ кæй ацыд, уый йе ‘мбæлттæй базыдтон. Тынг басагъæс кодтон", — дзуры Мамиаты Верæ. Йæ хотæ дæр сæ удтæн ницы зыдтой, æваст базыдтой, æфсымæр хæсты кæй ис, уый.

"Хæстæджытæй базыдтон, стæй йæ мæхæдæг федтон хабæртты рауагъды", — зæгъы бинонты кæстæр, йæ хо **Мамиаты Ритæ.** "Куыддæр фæуырыгъуыйау дæн, фæлæ йын йæ патриотизм æмæ æвзыгъддзинад зонгæйæ, æндæр къахдзæфмæ æнхъæлмæ кæсæн нæ уыд. Мæ хоимæ рæзыдыстæм фидар дуры æнцой уæвгæйæ, Олег уыдис миддунейы хицæн куырыхондзинады æмæ хъæбатырдзинады хицау. Йæ уынаффæ йын агуырдтой æрмæст æмкъласонтæ нæ, фæлæ хистæр кары адæм дæр.

Кæддæриддæр уыд раззаг хаххыл, Хуссар Ирыстон 2008 азы хъахъхъæнын хъуыд æмæ фыццæгты ‘хсæн ацыд уырдæм. Донбассмæ та йæ йæ зæрдæ ахуыдта, сарæзта дзы зындгонд бригад "Пятнашка". Арæх-иу дзырдта, "афтæ хъуамæ фæцæрай, цæмæй дæ Намысы аллейы банымгæной". Пехуымпариуæджы хуызæн ын рауад", — зæгъы хо. Мамиаты Ритæйы ныхасмæ гæсгæ, тæрсгæ ницæмæй кодта, цæрынмæ тырныдта. Цы æмгъуыд ын лæвæрд уыд, уым алцыдæр куыд бацыдаид, афтæ. Фæцард æрмæст 40 азы.



### "Рухсы æнæхипайда хæстонтæ"

“Мамай”-ы уарзтой, аргъ ын кодтой æрмæст йе ‘мбæлттæ æмæ хиуæттæ нæ, фæлæ-иу кæм сæмбæлд, уымы цæрджытæ. Алы ран дæр уагъта рухс фæд, дзæбæх мысинæгтæ. Донбассмæ 2017 азы абалц кодта Цæгат Ирыстоны сфæлдыстадон делегаци, къамисæг **Тебиаты Златæ**, зарæггæнæг **Дауыраты Эдуард**, поэт **Пагæты Аслæнбег**. Сæ алкæмæ дæр фæзынд, Мамиаты Олег ныфсджын, тыхджын адæймаг кæй у, ахæм хатдзæг. Уыцы фембæлды фæстæ Пагæйыфырт ныффыста æмдзæвгæ Мамийы-фырты тыххæй. Йæ сæргонд — "Рухсы æнæхипайда хæстонтæ"...

Пагæты Аслæнбег куыд мысы, афтæмæй Мамиаты Олег æрдзæй хæстон уыд. "Йæ бакаст тызмæг, удæй та — фæлмæн. Нæ делегаци Донбассмæ ацыд сæ адæмы æфсымæрон удты хъомысы цур баллæууыны тыххæй. Олег мæ поэтикон изæрмæ æрбацыд, фæстæдæр ма иу хатт сæмбæлдыстæм æмæ суанг райсоммæ фæныхæстæ кодтам. Нæ ныхас алцæуыл дæр цыд. Алцыдæр кæй зыдта, дардмæ кæй уыдта, уый мæ дисы бафтыдта. Мамиаты Олегæн йæ бон уыд фæстох вазыгджын фæлтæрæнтæ лыг кæнын, суанг Мæскуыйы бон алыг кæнын кæмæн нæу, ахæмтæ. Раст хатдзæгтæ кодта, хæстон архайды ахсджиагдæр фæзилæнтæ бæрæг кодта.

Хъыг мын у, ахæм кадджын хæстонтæ цардæй куы ахицæн вæййынц, уый. Фæлæ махæй рох нæ уыдзæн йæ фæлмæн зæрдæ, хъæбатырдзинадмæ цæттæ æцæг ироны зæрдæ", — зæгъы Пагæйы-фырт.

# Йе ‘ппæт зарджытæ нал райхъуысдзысты

**Сæрмагонд бригад ’’Пятнашка’’ арæзт æрцыд командæгæнæг, ирон лæппу, МАМИАТЫ Оледжы фæрцы, уым хæцыд Хуссар Ирыстон æмæ Абхазы сгуыхт артист, зарæггæнæг, сфæлдыстадон æгъдауæй тыхджын аранжировщик ХЪУЫЛЫМБЕГТЫ Роберт дæр. Йе ‘ппæт зарджытæ нал райхъуыстысты, бархионы зæрдæ баурæдтой артиллерийы æхстытæ 2022 азы, 31 мартъийы.**

### Гуманитарон æххуыс аласта æмæ уым баззад

Йæ фæстаг фыстæг йæ бинойнагмæ Хъуылымбегты Роберт ныффыста 2022 азы 29 мартъийы. Фыста, 58-æм æфсады хæстонтимæ уæхски-уæхск, Донецкаг Адæмон Республикæйы, Ясиноватаяйы цур раззаг хаххыл кæй хæцы, уый тыххæй. Уымæй дарддæр бастдзинад нал уыд. Ирон бархион, йæ фæсномыг "Урссæр фыранк", хъæбатырæй фæмард карз тохты. Йæ амæлæты фæстæ йæ схорзæхджын кодтой "Ирыстоны Намыс”-æй æмæ "Донбасс хъахъхъæнæг"-ы майдантæй.

Робертыл цыд æрмæстдæр 47 азы, хæдзары баззадысты йæ бинойнаг æмæ дыууæ сывæллоны, хъæбулы чысыл хъæбул дæр. Йæ мойы мысгæйæ, **Хъуылымбегты Майя** йæ цæстысыг нæ уромы. "Кæддæридæр Роберт сывæллæттæн æмæ сыхæгтæн уыд дæнцæгæн хæссинаг, алкæй зæрдæмæ дæр фæндаг ссарын йæ бон уыд. Æцæг дæр ахæм хъаруйы, тыхы хицауимæ цæрын æнцон нæу, адæмы сæраппонд æй цæрын фæндыд, уый æнцон нæу. Йæ пъланты тыххæй æз ницы зыдтон. Раззаг хаххыл кæй ис, уый тыххæй мын йе ‘мбал фехъусын кодта. Фæстæмæ йæ раздахынæй ницы рауад, кæстæр æфсæддонтæн хъуамæ ныфсы мæсыг уа, уый тыххæй-иу дзырдта. Йæ фырты уырдыгæй рарвыста, йæхæдæг уым баззад. "Æрыгæттæ хъуамæ ма мæлой", — загъта-иу Роберт. Тарст цы у, уый нæ зыдта.", — дзырдта идæдз сылгоймаг.

Хъуылымбегты Роберты ном радтой уынгæн, уым цард йæхæдæг, 96-æм скъола дæр йæ ном кадимæ хæссы. Уым йе ‘мбæлттимæ æмбырд кодта гуманитарон æххуыс. Уырдыгæй араст ис Донбассмæ. Хъуылымбегты Майя куыд зæгъы,



афтæмæй горæты администрацийæн, скъолайы дирекцийæн бузныг сæ архайды тыххæй. "Йæ хъæбулы хъæбул, чысыл чызг йæхи æнгæс у, уарзы зарын йæ бабайы хуызæн", — бафиппайдта сылгоймаг.

### Мин царды аирвæзын кодтой

Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист **Джиоты Ибрагимы** Хъуылымбегты Робертимæ бастой рагон хæлар ахастдзинæдтæ æмæ сфæлдыстад. Базонгæ сты раджы, стыр сценæмæ рахизыны размæ, 1992 азы службæ кодтой Сæрмагонд нысаниуæджы милицæйы къорды. Ибрагимы мысинæгтæм гæсгæ, фæстæдæр та ногæй баиу сты, æрмæст хæцæнгарзимæ нæ, фæлæ микрофонтимæ иумæйаг концертты.

"Уый диссаджы заман уыд, не ‘рыгон бонты рæсугъддæр рæстæг. Аз рацыд, Роберт куы фæмард, уымæй, мах та йæ æмбæлттимæ мысæм, нæ нын фаг кæны. Нæ зæрдæйыл алы хатт дæр дардтам", — зæгъы Джиоты Ибрагим. Хъуылымбегты Роберт æрмæст бæрзонд цæттæдзинадимæ музыкант нæ уыд, фæлæ æххæст уыд хъæлдзæг ныхасæй, цыргъзондæй, цард бирæ уарзта.

"Раст мæм цыма кулисæтæй мидбылхудтимæ, ныфсæвæрæн цæстæнгасимæ ракæсдзæн, афтæ мæм фæкæсы. Æппæты ирддæр мысинæгтæ баст сты гастролты балцытимæ. Иумæ нын дзæбæх зарджытæ уыд, ныр дæр сæ зарынц. Фæлæ йын йе сфæлдыстадон фæндаг Донбассы хæст баурæдта", — загъта Джиойы-фырт.

Фæстаг рæстæг, зарæггæнæджы ныхасмæ гæсгæ, йе ‘мбал æмæ коллегæ æнкъард уыд, дунейы цытæ цыд, уыдæттæ йæ тыхсын кодтой. "Сæрмагонд æфсæддон операцийы райдайæн йæ зæрдæмæ хæстæг райста. Фыццæгтимæ аласта гуманитарон æххуыс, æнхъæлмæ кастыстæм, фæстæмæ кæд ссæудзæн, уымæ. Фæлæ баззад фронты раззаг хаххыл, цæмæй æрыгæттæн баххуыс кæна, уый тыххæй. Уыдон ахæм егъау хæст нæма федтой", — дзырдта Ибрагим.

### Зарæггæнæг-хæстон иу тохы фæмард уырыссаг æмæ абхазагимæ

"Уалынмæ цалдæр боны фæстæ сыхъуыст æвирхъау хабар. Уымæй æз кæддæриддæр тарстæн, Роберты хуызæттæ урссæрты онг нæ фæцæрынц. Æрмæст Хуссар Ирыстоны нæ хæцыд, бархионæй ацыд Абхазмæ дæр, гуырдзиаг æрбалæбурджыты ныхмæ æрлæууыд. Уыдис хъæбатыр æмæ уæндон, уый та хæстон хъуыддаджы ахсджиаг у. Фæмард уырыссаг æмæ абхазагимæ иу бон. Ясиноватаяйы цыд карз тох, ацы лæпputæ иннæтимæ мингай цардтæ бахъахъхъæдтой", — загъта Джиоты Ибрагим.

**САНАХЪОТЫ Маринæ, "Аргументтæ æмæ фактæ"-йæ ист æрмæджытæ**

Хъомылгæнæджы аз

# Ахуыргæнæг, не ’ппæтæн дæр базыртæ ды радтай

**Рагæй-æрæгмæ дæр Ирыстон хъуыстгонд уыд йæ рухстауджытæй. Иры кæмттæ æмæ хæхты Колыты Аксо, Æмбалты Цоцко, Зæнджиаты Бæбу æмæ иннæты рухс нæмттæ зындгонд уыдысты. Сæ лæггад æгæрон уыд, уыдон цы зын рæстæджыты цардысты, уæд. Æмæ сын абон кадджынæй уымæн æрымысæм сæ рухс нæмттæ. Алы ахуыргæнæгæн дæр уымæн систы тырысахæссæг сæ хъомыладон куысты. 2023 аз Рухстауæг æмæ ахуыргæнæджы азыл кæй æрцыд нымад, уый уæлдай кады нысан у, ацы дæсныйадæн удуæлдай лæггад чи кæны, уыдонæн. Бирæ поэттæ æмæ фысджытæ поэтикон аив ахорæнты фæрцы сцæрæццаг кодтой сæ уарзон ахуыргæнджыты фæлгонцтæ. Æмæ уый раст у.**

Ахуыргæнæг у Хуыцауæй æрвыст адæймаг, нæ зæххон зæд æмæ йын мах хъуамæ табу кæнæм.

***Ахуыргæнæг, хурцæдисон, бузныг!***
***Мады ад цæуы, цæуы дæуæй.***
***Судзæд нын æдзух дæ фарны рудзынг.***
***Махæн уымæй адджындæр рухс нæй.***
***Не 'ппæтæн дæр базыртæ ды радтай,***
***Амыдтай — кæдæм хъæуы тæхын.***

Табуйаг фæцис Дзабайты-Тауаситы Аллæйы ахуыргæнæджы цардвæндаг, уæвгæйæ та йын райдыдта Сырх-Дыгуры хъæуы йæ кадджын ныййарджыты хæдзары. Сывæллоны бонтæй фæстæмæ йын æхсæвæй-бонæй фæзминаг дæнцæгæн рухс фидæнмæ уыд йæ ныййарæг мад Гæмæон-Елизаветæйы фæлгонц, куыд мад, бинонты æфсин, куыд ахуыргæнæг. Цыппор авд азы дæргъы Елизаветæ фæкодта рухстауæджы куыст Дыгургомы рæзгæ фæлтæртæн. Цал æмæ цал рæзгæ уды сарæзта царды раст фæндагыл. Цал æмæ цалæн бауарзын кодта мадæлон æвзаджы алæмæттаг мырты зæлланг!

Ам, Дыгургомы аргъæутты дзуринаг æрдзы хъæбысы, сæ уарзты ахстоны райгуырдысты сæ фондз хъæбулы йæ цардæмбал — Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Дзабайты Михалимæ. Ныййарджыты цинæн ма кæрон кæм уыд æмæ цардысты æнгом бинонтæй сæ цин æмæ фарнæй. Радтой сын ирон царды скъолайы раст хъомылад, уæлдæр ахуырад. Рауад сæ аккаг кæстæртæ сæ хистæртæн, систы фæзминаг æхсæнадон архайды, ахуыр æмæ фæллойы.

Фæзæгъынц, чызг, дам, мадмæ хæстæгдæр вæййы æмæ, æвæццæгæн, Валя æмæ Аллæ дæр сæ мады фæндаг уымæн равзæрстой æмæ йын цæрæццаг скодтой йæ ахуыргæнæджы дæсныйад дыккаг фæлтæры.

Ахуыргæнæджы дæсныйад кадджын кæй уыд, уый чызджытæ æдзух æнкъардтой æмæ уыдтой æрмæст сæ хæдзары мидæг нæ, фæлæ скъолайы ахуыры рæстæг сæ ныййарæг мад-ахуыргæнæг Елизаветæ куыд æвдыста йæ иузæрдион рухстауæджы архайдæй, уый. Æгæрон уарзтæй уарзта мадæлон æвзаг, кæдфæнды дæр бæрнон цæстæй каст йæ равзæрст дæсныйадмæ. Алы урок дæр ын уыд ахсджиаг æмæ йæм, фæлварæнмæ цæуæгау, æдзух йæхи бæрнонæй цæттæ кодта æмæ йæ зонындзинæдтæ парахат кодта кæстæрты хъомылады.

Йæ кæстæр чызг Аллæ Сырх Дыгуры астæуккаг скъола каст куы фæци 1971 азы, уæд уый дæр æнæдызæрдыгæй равзæрста Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ирон æвзаг æмæ литературæйы хайад. Уымæн æмæ йæ мады 'хсыримæ, стæй йæ мады урокты банкъардта ирон æвзаджы мырты зæлланг, Къостайы литературон æвзаджы æвидигæ хъæздыгдзинад, Нарты кадджытæм, нæ адæмон сфæлдыстадмæ уарзондзинад.

Аллæйы стырдæр бæллиц сси, йæ ныййарæг мад, Елизаветæйау, дæсны ахуыргæнæг суæвын, уыйау банкъарын уарзондзинад не 'взагмæ, сывæллæттæм. Уыцы равзæрст фæндагыл ын хæрзæмбæлджытæ фесты ирон филологийы факультеты куырыхон ахуыргæнджытæ Багаты Никъала, Джыккайты Шамил, Калоты Георги, Тахъазты Харум æмæ иннæтæ. Сæ зонындзинæдтæ сын æрыгон ахуыргæнæг фæстæдæр ныстуанæн райста æмæ сæ парахатæй пайда кодта.

Мæцутæйы скъола-интернаты уыцы рæстæг Дыгургомы алы хъæутæй ахуыр кодта 348 ахуырдзауы, стыр хъыгагæн дзы абон ис æрмæст 20 сабийы. Аллæйæн Мæцутæйы йæ фыццаг къахдзæфты ныфсдæттæг зондамонджытæ фесты интернаты директор Гецаты Ярослав æмæ ахуыры хайады сæргълæууæг Цопанты Валери. Цалдæр азы фæстæ Аллæ кусын райдыдта Алагиры фыццæгæм скъолайы. Ам дæр парахат кодта ирон æвзагзонынады тæваг сывæллæтты хъомылады уарзонæй. Æрыгон рæсугъд, æгъдауджын чызг Иры сæрæн гуырдтæй бирæты зæрдæтæм куыд нæ цыд, фæлæ се 'хсæн Тауаситы Таймураз сæрæндæр разынд æмæ Аллæ 1979 азы фарны къах бавæрдта Тауаситы æнгом бинонтæм. Хистæртæ бауарзтой сæ чындзы æмæ æрыгæтты уарзты дыргъдоны ног талатæ суагътой æртæ фырыхъулы хуызæн лæппуйы. Кæм ма уыд амондджындæр райдайгæ бинонтæй. Цардысты ирон царды домæнтæм гæсгæ æмæ сæ сæхи хуызæн фæзминаг кæстæртæй бахъомыл кодтой цинæфсæст, ирон фарны тæгтæй хайджынæй. Фæткъуы бæласæй, дам, фæткъуы хауы, æмæ ныр уыдонæн дæр, сæ хистæртау, ирон æгъдау æмæ фыдæлты фарн цæуы сæ разæй æмæ нæ бæстæйы алы къуымты хæссынц сæ фæллойы хай фидæны рухс рæзтæн.



Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы, фæзæгъынц, æмæ Аллæ дæр йæ ныййарæг мад Елизаветæйы фарн ахуыргæнæджы куысты ныр 47 азы дæргъы хæссы Советон хъæуы астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй. Дыгургомы скъолаты ахуыргæнджыты 'хсæн у фæзминаг æрмæст ахуырадон куысты нæ, фæлæ хъомыладон æмæ æхсæнадон архайды ацы районы Стыр Ныхасы сылгоймæгты комитеты. Аллæ фыццаджы-фыццагдæр у ахуыргæнæг æмæ рухстауæг — бæрзонд хæссы кад æмæ радимæ ахуыргæнæджы сыгъдæг ном. Æрмæст ахуыргæнæджы бæрнон куыст нæ кæны Аллæ, фæлæ ма дыууын дыууæ азы дæргъы бакуыста ахуыры хайады сæргълæууæгæй дæр Советон хъæуы скъолайы. Уый та уæлдай бæрнон хæс у, ахуыргæнæджы уæззау куысты фæстæ.

Аллæ Дыгургомы районы æмæ нæ республикæйы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн цы гом уроктæ саразы, уыдон кæдфæнды вæййынц цымыдисаг æмæ бафæзминаг райдайгæ ахуыргæнджытæн. Никуы йæ ничи федта фæлладхуызæй, æдзух йæ цæсгомыл æрттивы мидбылхудт, уымæн æмæ тынг бирæ уарзы йæ куыст, исы дзы уæлтæмæн монцтæ, уарзы сабиты, уыдон сты йæ удлæууæн. Ирон æвзаг та йын у царды хос, йæ аив мырты зæллангæй йæ миддуне кæны хъæздыгдæр æмæ æнусы æрдæгмæ æввахс уымæн тауы æнæвгъауæй рæзгæ фæсивæды зæрдæты мадæлон æвзагмæ уарзондзинады тæгтæ.

Аллæ йæ удæй арт цæгъды æмæ йæ алы урок дæр саразы цымыдисаг æрмæджыты бындурыл, йæ ахуырдзауты ахоны йемæ Нарты кадджыты, нæ алæмæтаг аргъæутты бæстæтæм, алыхуызон аивадон, сфæлдыстадон фембæлдтытæ æмæ изæрты фæрцы сæ зонгæ кæны нæ поэтты, фысджыты, нывгæнджыты сфæлдыстадимæ. Уый та рæзгæ уды миддуне хъæздыгдæр кæны.

Аллæ цы куысты бацæуы, алы ран дæр вæййы раззагдæртимæ. У ирон æвзаг æмæ литературæйы секцийы разамонæг дæр. Йæ ахуырдзаутимæ вæййы алыхуызон аивадон æмæ литературон конкурсты, куыд районы мидæг, афтæ республикæйы дæр, æмæ æдзухдæр райсынц раззаг бынæттæ "Æз ирон дæн", "Амыраны рухс", "Ирон аивады дæсны" æмæ æндæрты. Йæ зæрдæхæлардзинад, цæстуарзондзинады тыххæй йæ æрмæст йæ коллектив нæ уарзынц, фæлæ ма ныййарæг мадау у зынаргъ йе скъоладзаутæн дæр. Йæ хъомылгæнинæгтæй ныр бирæтæ сты ныййарджытæ, равзæрстой сæ уарзон ахуыргæнæджы дæсныйад æмæ сæ фæзминаг хистæры кад æмæ намыс дарддæр хæссынц бæрнонæй сæ равзæрст дæсныйады.

Аллæйы куыстæн стыр кад ис æрмæст Советон хъæубæсты æмæ скъолайы нæ, фæлæ Дыгургомы районы æмæ нæ республикæйы Ахуырады министрады. У Цæгат Ирыстоны сгуыхт ахуыргæнæг, ис æм бирæ паддзахадон хæрзиуджытæ æмæ Кады гæххæттытæ.

Аллæ фыццаджыдæр у сылгоймаг, æмæ йæ Хуыцау фарнæй фæхайджын кодта. Ис ын рæсугъд фæзминаг кæстæртæ æмæ уыдоны кæстæртæ. Таймуразимæ уыдоны фарнæй цæрынц æмæ сты зæрдæрухс. Фæлæ Аллæ ахуыргæнæг æмæ рухстауæджы куыст нымайы йæ царды вазыгджын къабазыл æмæ йын дарддæр дæр йæ размæцыд рауагъдонтæ йæ царды фæндаг рухс кæнæнт.

Цард Аллæйы хуызæн адæймæгтæй фидауы. Уыдон сты сомбоны размæцыд фæсивæдæн рухстауджытæ æмæ цалынмæ Аллæйы хуызæн фæзминаг ахуыргæнджытæ куса не скъолаты, уæдмæ уыдзæн ахуыргæнæджы номæн кад æмæ намыс, цæрæццаг уыдзæн Къостайы æнæмæлгæ æвзаг æмæ литературæ рæзгæ фæсивæды рæзтæн æвзагзонынады.

**ДЗУГАТЫ-МУРАСТЫ Риммæ,**
**Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг,**
**УФ-йы Журналистты цæдисы уæнг**

Чингуыты тæрхæгыл

# Массмедиа æмæ аудиторийы информацион домæнтæ

**Хозиты Барисы чиныг ”Массмедиа æмæ аудиторийы информацион домæнтæ” у дæргъвæтин æмæ методикон куысты фæстиуæг. Объективон аххосæгтæм гæсгæ, рецензи мыхуыргонд цæуы æрæджиау, фæлæ гуырысхойаг нæу, чиныг æнæмæнгхъæугæ кæй у, æмæ афоныл рухс кæй федта, уый. Абоны цардмæ акæсгæйæ, уынæм, æхсæнады æнæхсæст, цъаммар, æнæгъдау политикон технологитæй чи пайда кæны, ахæм адæм кæй фæзынд, уый. Уыдоны ’хсæн ис, йæ дæсныйады æгъдау æмæ фæткæвæрды сæрты чи ахизы, адæймаджы хуыздæр миниуджытæ чи ницæмæ дары, ахæм журналисттæ дæр. Ацы ахуырадон чиныг Барис ныффыста Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты журналистикæйы факультеты сфæлдыстадон къордты сæргъы йæ бирæ азты фæлтæрдджын куысты æмæ республикон газет ”Рæстдзинад”-ы сæйраг редакторæй йæ æнтыстджын архайды бындурыл. Кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаджыдæр, ацы чиныг хъæуы журналистикæйы факультеты студентты, магистрантты æмæ аспирантты. Фæлæ чиныгæй, куыд методикон æххуысы æрмæгæй, афтæ сæ бон пайда кæнын у ахуыргæнджытæн, уæлдæр ахуырады кусджытæн, нырыккон Уæрæсейы информацион процесстæм йæ цæст чи дары, уыдонæн се ’ппæтæн дæр.**

Чиныг арæзт у разныхас æмæ 3 хайæ, алы хайы дæр ис 4 темæйы, кæронбæттæн æмæ, 99 чиныджы кæм ис, ахæм библиографион номхыгъд. Цæмæй ахуыргæнæн чиныг нæ цæстытыл æххæстдæрæй ауайа, уый тыххæй уæрæхдæрæй равдисæм йæ мидисамад: **Бацæуæн. Фыццаг хай.** Хъусджыты куыд æмбæлы æнкъарын. **Фыццаг темæ.** Удгоймаг информацийы дзыллон фæрæзты æндæвдады фæлгæты. **Дыккаг темæ**. Авторы цæстæнгас æмæ хъусджытимæ æмархайд. **Æртыккаг темæ**. Дзыллон æмбарынад æмæ дзыллон аудитори. **Цыппæрæм темæ.** Дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ æмæ аудиторийы информацион домæнтæ. **Дыккаг хай**. Æхсæнадон хъуыды æмæ политикон културæ. **Фыццаг темæ.** Æхсæнадон процесстæ æмæ журналистикæйы ахадындзинад. **Дыккаг темæ**. Журналистикæ куыд социалон разамынды архайæг æууæл. **Æртыккаг темæ**. Журналистон архайд æмæ аудиторийы æнкъарынад. **Цыппæрæм темæ**. Чиныгуадзæг, журналист, аудитори. **Æртыккаг хай.** Профессионалон æмбарынад куыд информацийы дзыллон фæрæзты ахадындзинады фæрæз. **Фыццаг темæ.** Журналистон æндæвдады ахадындзинады æууæлтæ. **Дыккаг темæ.** Журналистон архайды ахадындзинад æмæ хъомысад. **Æртыккаг темæ.** Информацийы дзыллон фæрæзты ахадындзинады уæлдæргæнæн миниуджытæ. **Цыппæрæм темæ.** Æрмæг дæттыны хуызтæ æмæ мадзæлттæ. **Кæронбæттæн. Библиографион номхыгъд.**

Ацы сæргæндтæй куыд уынæм, афтæмæй Хозиты Барис йæ куысты иртасы дзыллон хабархæссæг фæрæзты архайд нырыккон информацион æхсæнады уавæрты. Дзуапп цы фарстытæн дætты, уыдоны фæрцы студент тагъддæр райсдзæн фæлтæрддзинад, фæзындзæн æм хи цæстæнгас алы лыггæнинаг фарстамæ дæр. Ахуыргæнæн чиныджы æвдыст цæуынц, дзыллон хабархæссæг фæрæзты (мыхуыр, радио, телеуынынад, интернет) иртасджыты фæлтæрддзинад куыд æхсæнадон практикæйы къабазы, афтæ сфæлдыстадон архайды хуызты дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы архайд хъуамæ хынца объективон цымыдистæ æмæ аудиторийы информацион домæнты рæзты уагæвæрдтæ. Уыдон та арæзгæ сты алыхуызон архайæг тыхтæй — карæй ахуырады æмвæзадмæ. Фæлæ иуæрдыгæй, бæрæг идеологи куы нæ уа, иннæрдыгæй — технологон инструментты рæзт бæрзонд кæй у, уый руаджы дзыллон хабархæссæг фæрæзты куыст кæны хуыздæр æмæ рæвдздæр. Ам, авторы хъуыдымæ гæсгæ, сбæрæг кæнын хъæуы журналистты профессион æмæ моралон бæрндзинад.

"Хъуыдыкæнынады сæрибар райсыны арф хъæуынад, — фыссы автор, — алкæддæр цæхгæр лæууыд адæймаджы размæ. Табу Хуыцауæн, уый абон нæ бæстæйы дæр райста, бирæ кæмæ æнхъæлмæ кастыстæм, ахæм миниуджытæ. Дидактикон монологæй æргом ныхасмæ рахизгæйæ, дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ систы сфæлдыстадон процессы æмбар архайджытæ..." Авторы хъуыдымæ гæсгæ, æхсæнад æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты æмгуыстады рæзт дихгонд цæуы æртæ хайыл: 1) хъуыдыкæнынады сæрибар æмæ информацион æмгуыстад; 2) иудиторимæ æмбалы цæстæй кæсын; 3) дзырды сæрибар æмæ авторы бæрндзинад.




Æхсызгон мын у, иртасæг дзыллон зондахаст æмæ æхсæнадон хъуыдыйы æмахаст æнгом бастæй кæй æвдисы, уый. "Мах фæнды, — амоны дарддæр автор, — цæмæй нæ мыхуыр алкæддæр уа æцæг æппæтнацион æхсæнадон хъуыдыйыл дзурæг". Уый та аразгæ у, кæрæдзийæн аргъ кæныны миниуæг æмæ авторы хъуыдытæ æргом дзурыны миниуджытæ цавæр æмиуадæй баст сты, уымæй. Уыцы процессы æнтыстæн æвдисæниуæг лæууынц иумæйаг хæзнаты арæзт. Ахуыргонды хъуыдымæ гæсгæ, кæрæдзимæ æрбахæстæг кæнын хъæуы, традицион культурæйы фæлтæрддзинад æмæ дзыллон бастдзинæдты рæзтæй цы ног хæзнатæ райгуыры, уыдонимæ.

Цымыдисаг зæрдæйы уагимæ каст цæуынц, чиныджы мидæг журналистон архайды психологон фарстатæ — социалон разамынды æууæлтæ баст кæм цæуынц, уыцы сыфтæ. Раппæлинаг у, аудиторийы химбарынады журналистты æндæвдад æвдыст кæм цæуы, уыцы хай дæр. Уыцы-иу рæстæг æнкъарынадæн ис æндæр фæзилæнтæ дæр: æрмæг исы цæстæй нæ, фæлæ зæрдæйæ; цыфæнды æрмæг дæр дæлбар у журналисты цымыдистæн æмæ домæнтæн. Уымæ гæсгæ автор алыхуызы æргом кæны удгоймагон æмæ фæткæвæрдадон ахасты дæнцæгтæ. Хозийы-фырт иу иннæйы фæдыл æвзары, æрмæгисынады фарстатæ журналисты раныхасыл куыд æндавынц, уый. Ахуыргæнæн чиныджы сæрмагонд æргом здæхт цæуы дзыллон хабархæссæг фæрæзты хъомысад æмæ архайдимæ баст фарстатæм. Автор уыцы дыууæ æууæлы хуымæтæджы нæ рахицæн кодта. Хъомысадæн аргъгонд цæуы, дзыллон аудиторийыл кæй æндавы, уымæ гæсгæ; архайынад та социалон институттимæ бастдзинады тыххæй. Афтæмæй информацийы дзыллон фæрæзты хъомысадон архайд æрдзон хуызы хаст æрцыд иумæйаг културон æмæ æхсæнадон-политикон процессимæ массмедиа æмæ аудиторийы ахастдзинæдты контекстмæ. Уыцы уавæры автор æрбахæстæг кодта хъомысад æмæ архайынады æмбарынæдты æмæ сын фæбæрзонддæр кодта сæ ахадындзинады миниуджытæ.

Информацийы дзыллон фæрæзты хъомысад æмæ архайынады вазыгджындæр æууæлтыл автор нымайы журналисты професcион химбарынад. Уый йе 'мбарынадмæ гæсгæ хъуамæ дзуапп дætта цыппар домæнæн: 1) æхсæнадон-политикон; 2) социалон-разамындон; 3) литературон-сфæлдыстадон; 4) дзыллон-организацион. Æрмæстдæр ахæм уавæрты дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ бацахсдзысты аккаг бынат объективон æцæгдзинады. Автор профессион химбарынад æвзары куыд удгоймаджы æмбарынады иу хуыз, афтæ. Уымæй уæлдай, Хозийы-фырт систа журналистты кадрты профессион цæттæкæнынады фарстатæ, сбæрæг кодта, сфæлдыстадæн чи хъæуы, ахæм сæрибар зонындзинæдты тымбылæг. Ахуыргæнæн чиныджы цымыдисаг хуызы æвзæрст цæуынц тексты мидарæзты фарстатæ, публицистон уацмысы ранывæсты хъомысад æмæ æххæстад чи æргом кæны, уыцы миниуджытæ. Журналистон æрмæг, авторы нымадмæ гæсгæ, хъуамæ уа рæстдзæвин æмæ фарстатæ лыггæнæг. Фæлæ уый дæр фаг нæу: хъæуы сæ æвзарын, сæ хицæн хæйтты бастдзинад æвдисын, алывæрсыгадæн аргъ кæнын æмæ йæ кæронбæттæн хъуыды сбæрæг кæнын. Стæй лыггæнинаг фарстайы иумæйаг нывæфтыд: æвæрццæг фæлтæрддзинад кæм нæ уа, уыцы критикæ фесафы йе 'хсæнадон хъуыды.

Хозиты Барисы ахуыргæнæн чиныджы ис бирæ вазыгджын бынæттæ, фæлæ дзы æмбæлынц хицæн къуыхцытæ дæр. Ахæмтæм ахæссæн ис æрмæджы ранывæсты иуæй-иу хæйтты равæрд. Уымæй уæлдай, чи зоны, чиныджы нæ фаг кæны дæнцæгтæ авторæн йæхи журналистон практикæйæ. Уыдон æй, æнæмæнг, фæхъæздыгдæр кодтаиккой. Фæлæ дзы ис сæйрагдæр: йæ мидисамады мах æмбæлæм æргом тырнынад бацæттæ кæнын профессион журналист æмæ гражданин. Уæдæ йæ æлвæст мидисамад æмæ йæ ранывæсты ирд хъуыды цымыдис райгуырын кæндзæн уæрæх кæсджыты зæрдæты. Уымæй уæлдай, ахуыргæнæн чиныг дзыллон аудиторийæн бамбарын кæндзæн информацийы фæрæзты иумæйаг принциптæ æмæ сæ бынат историон процессы, ахуырдзау фæсивæдæн та баххуыс кæндзæн нырыккон информацион уылæны сæ бынат ссарын.

**ХУЫГАТЫ Ирлан,**
**филологон наукæты доктор,**
**УНА Дзæуджыхъæуы зонадон центры раздзæуæг наукон кусæг**

Поэзийы уылæнтæ



**АБАЙТЫ Эдуард**

## Æвзистсыг къæвдатæ

* * *

*Мыд æмæ царв дæр бакъуырынц*
*Лæджы зæрдæ. Дæу агурын.*
*Цæххыл та ма цæй цæхх хъæуы,*
*Мæ зæрдæ дæ нæ цъæх кæны...*

*Мæ былцъæрттæ дæм бахордтон,*
*Мæ фынты дæр дæу агуырдтон...*
*Цы уыдзæн, цы, æнæнхъæлæй*
*Кæрæдзиуыл куы сæмбæлæм?!*

* * *

***Мæ сæрмæ арв куы фæсонт и,***
***Фыццаг хатт нæры, 'нхъæлдæн.***
***Æрхостон дын дæ фæсонтæ:***
***"У дурæй мын хъæбæрдæр!"***

***Уæнт къайны фидар къæсæртæ,***
***Сигæцау — къахæй ихсыд,***
***Фæлæ-иу нæ хъæбæрзæрдæ***
***Куыннæ кæна, куы, ихцыд.***

***Хуыцау, цæуы дæ фæндонæй***
***Фæлмæн къæвда. Цæлхъытæ.***
***Уый — Елиайы бæхуæрдоны***
***Æсхъиугæ тылд цæлхытæ...***

* * *

*Цин кæнын уалдзыгон 'взистсыг кæрдæгдзон къæвдайыл,*
*Раст, цыма, зæрдæ дæр уымæн йæ хъарм сойы тайы.*
*Акæс-ма, акæс, куыд мæнæ-мæнæ кæны уалдзæг,*
*Арв, дам, куы ныннæра, уæд уыдзæн алцыдæр садзæн!*

*Фæлæ кæмæдæрты уалдзæг æппындæр нæ хъары,*
*Зæххæй нæ кæнынц æфсæрмы æмæ мæ уый мары, —*
*Афтæмæй иууылдæр рацыдыстæм мах нæ зæххæй,*
*Хорзæй, æвзæрæй та уымæ æмхуызон ыздæхæм...*

*Цин кæнын уалдзыгон 'взистсыг кæрдæгдзон къæвдайыл,*
*Раст, цыма, зæрдæ дæр уымæн йæ хъарм сойы тайы.*
*Схæцдзысты тынгдæр сæхиуыл мæ хъæдындз, мæ нуры,*
*Дуры гуыбыны дæр сæвзæрдзæн царды гуырдз, дуры...*

* * *

***Иутæ — фæдисмæ, иннæтæ — къæбицмæ.***
***Хатт мæм афтæ фæкæсы, Хуыцау,***
***Кæд нæ хъуыди зæххыл мах ысфæлдисын.***
***Тобæ! Иунæг ды куы дæ æвау.***

***Мах æфсад дæр нæ басаста агуыры,***
***Ныр хъæмпыхалыл ауыгъд — нæ цард,***
***Айчы хъузг та æмбæхсынæн агурæм.***
***Цардæн ма кæд нæ базонæм аргъ.***

***Уæд хъаймæт зæххыл хорз у, йæ æрцыдæй***
***Нал баззаид нæ быныл æвзæр...***
***Садзын, садзын фæдисæй хъæлæрдзытæ,***
***Уадз, хæра сæ мæ фæстæ хуыздæр!..***

* * *

*Гутон сывæлдæггай саумæр фæлдахы,*
*Уайын йæ фæстæ æз ауæдзы хаххыл.*
*Айдæнау сæрттывтой йе 'фсæнтæ уымæн,*
*Дзомсæй сæ ахафын хаттæй-хатт хуымы.*

*Бæхæн йæ дзыхыкъæбæлты хъыррыстæй,*
*Цыма, мæхи дæндæгтæ дæр рыстысты.*
*Тæнтæ, тыхулæфтæй, сератау, змæлынц,*
*Фæлæ мæнил дæр хуыздæр бон нæй мæнæ...*

*Гутоны фындз мын фæбыцæу ис дурмæ*
*Æмæ мæ ауæдзæй ахаста зулмæ.*
*Бæх та фæоцани, къæхтæ ныццавта,*
*Раст, цыма, истæмæй фæтарсти, афтæ...*

*Рагæй, нæ зонын, цы джелбетт, цы хъæд дæн:*
*Кæнæ мæ куыст фæуа, кæнæ — мæхæдæг.*
*Суадзæм нæ фæллад, о, ме 'мзиуун лымæн,*
*Не 'вдæлы ахæм уалдзæг нæ мæлынмæ!..*

* * *

***Ма зæгъ: "Хицæн сирæй***
***У дзыкка хуыздæр".***
***Ауæдзы æфсирмæ***
***Не смуды куыдз дæр.***

***Зæрдæ цæмæ райы,***
***Уымæ 'ххæссы м' арм.***
***Фæлæ не 'хсæн зайы***
***'Нæ ныгæдæй мард...***

* * *

*Дымгæ, дымгæ, д' авдæны мæ ауз,*
*Абон дæ мæ удылхæцæг ды*
*Базырау мæ сæрмæ сцæгъд дæ гаруз,*
*Бацæуа мæ фæллад цæнгты тых.*

*Æз дæуæй куы никæй хъæуын тынгдæр,*
*Æмæ-иу куы исон, куы, мæ уд,*
*Гъеуæд дæр, мæ удылхæцæг дымгæ,*
*Ды мæнæн цæстылхæцæг фæу.*

*Дзагъырдзастæй ма мæ ныууадз, хъус-ма,*
*Кæрдæгыл уæлгоммæ хуысгæ, ма,*
*Мæн нæ фæнды, бандзыг уа æнусмæ*
*Арвы цъæх мæ гом цæстыты дзаг...*

## Спортивон фидиуæг



### Футбол

# "Зенит" рамбылдта "Аланыстоны Кубок"

**Сæрдыгон мæйтæ кæдфæнды дæр хъæздыг вæййынц алыхуызон спортивон хъæзтытæй. Уæлдай фылдæр та вæййынц алы кары футболистты ерыстæ.**

Афтæ у ацы аз дæр. Июны фыццаг бонты нæ республикæйы сæ тыхы бацыдысты РЦИ-Аланийы чемпионаттæ Уæлдæр æмæ фыццаг къордты командæты 'хсæн. Иннæ ахæм та сты кæстæр кары футболистты цалдæр хуызы ерыстæ.

Уыдонæй иутæ уыдысты, Дзæуджыхъæуы футболон академийы стадионы чи цыди, уыцы дунеон турнир "Аланыстоны Кубок" рамбулыныл ерыстæ.

Турнир арæзт æрцыд Дзæуджыхъæуы Футболон академийы хъæппæрисæй, æмæ йæм хуынд æрцыдысты Уæрæсе æмæ цалдæр фæсарæйнаг бæстæйы командæтæ. Хъыгагæн, Гуырдзыстон, Узбекистан æмæ Беларусы командæтæн фадат нæ фæци Ирыстонмæ æрцæуынæн, фæлæ уæддæр турнир рауад тынг зæрдæмæдзæугæ.

Æдæппæтæй ерысты архайдтой 16 командæйы. Æвзонг футболисттæ уыдысты Мæскуы, Бетъырбух, Астрахан, Волгоград, Махачкала, Ростов, Налцыкк, Буденовск, Цхинвал æмæ Дзæуджыхъæуы футболон скъолаты хъомылгæнинæгтæ. Турниры архайдтой 290 æвзонг (2011 азы гуырд) футболисты.



Ерыстæ рауадысты тынг цымыдисаг. Æвзонг футболистты архайдæй разыйæ баззадысты сæ зындгонд уазджытæ: РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, Цæгат Ирыстоны раздæры Сæргълæууæг **Битарты Вячеслав**, нæ номдзыд футболист æмæ тренер **Черчесты Станислав**, РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министр **Хъоцыты Сослан,** РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, нæ республикæйы Хицауады бæрнон кусджытæ **Æгъуызарты Мурат, Гæззаты Юри** æмæ иннæтæ.

Ерысты кæронбæттæны, 1-аг бынат бацахсыныл фембæлдысты Бетъырбухы футболон скъола "Зенит"-ы хъомылгæнинæгтæ æмæ Дзæуджыхъæуы командæ ФА "Алан". Сæ ныхмæлæуд рауад хъæзуатон. Суанг хъæзты фæстаг минутмæ дыууæ командæйы уыдысты æмдых, æмæ хыгъд уыди 0:0. Æнæнхъæлæджы бетъырбухаг командæйы хъул "шах" абадти.

Дзæуджыхъæуккæгты иварон фæзмæ зенитæгтæ пурти æрбалæвæрдтой, уый сæмбæлд алайнæгты хъæзæджы фæсонтыл æмæ сæ хызмæ батахт. Афтæмæй "Зенит" рамбылдта 1:0-æй æмæ сси "Аланийы Кубок" рамбулæг. ФА "Аланыстон" бацахста 2-аг бынат, 3-аг бынат та рамбылдта Мæскуыйы командæ "Спартак".

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсæг командæтæ хорзæхджын систы Кубоктæ, майдантæ æмæ дипломтæй.

Сæрмагонд лæвæрттæй хорзæхджын систы: "Хуыздæр дуаргæс" — **Куымæриттаты Аслан** (ФА "Алани"), "Хуыздæр хъахъхъæнæг" — **Никита Бойко** ("Спартак", Мæскуы), "Хуыздæр æрдæгхъахъхъæнæг" — **Александр Агеев** (ФК "Зенит"), "Хуыздæр размæбырсæг" — **Хъæцмæзты Алыксандр** (ФА "Аланыстон"), "Фылдæр голтæ бакæнæг" — **Илья Джингариев** (ФК "Волгар"), "Хуыздæр хъазæг" — **Владислав Лисов** (ФК "Зенит"), "Спортуарзджыты лæвар" — **Пухаты Аслан** ("ФК "Аланыстон"), "Æппæты æрыгондæр хъазæг" — **Максим Бабаев** (ФК "Барсалан", Цхинвал).

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Культурæ

# Ног арт-объект

**Къæхтысæрмæ фæндагыл къæдзæхыл фæзынд ног арт-объект "Иллюзорон æцæгдзинад" æмæ, цæмæй фæзына, ууыл куыст цыд къуырийы дæргъы. Ацы хабар фехъусын кодта сфæлдыстадон лабораторийы минæвар ДАУЫРАТЫ Ацæмæз.**

Йæ ныхасмæ гæсгæ, куыстæн йæ автор у Илья Ис (зонынц ма йæ куыд Im-Storry) Hood Graffiti Team командæйæ. Æрыгон адæймаг цалдæр азы размæ архайдта, Къæхтысæры чи уыд, уыцы арт-фестивалы. **Илья Ис** саразта æрыгон



чызджы ныв, текстæй та арт-объект саив кодта йе 'мбал — Kostya Original, уый дæр æрæджы ссыд нæ республикæмæ.

— Илья нæм уыд уазæгуаты, æмæ йæм фæзынд Къæхтысæрмæ фæндагыл нæ культурæимæ баст ныв саразыны фæнд. Уый фæстæ нæм ссыд йе 'мбал Костя, æмæ иумæ балæууыдысты уыцы ныв аразыныл. Сæ нысан уыд афтæ йæ саразын, цæмæй алыварс æрдзы йæ бынат рæсугъдæй ссара. Уый къухы бафтыд, алы хуызты ахорæнтæй пайда кæй кодтой, уый фæрцы, — радзырдта Дауыраты Ацæмæз.

Куыд ма бафиппайдта, текст ныффыстой иронау, латинаг алфавитæй спайда кæнгæйæ.

**Нæ уацхæссæг**

## Арфæ

# Сихъоты Валодяйы фырт Аланæн



*Абон, 8 июны, нæ зынаргъ, нæ уарзон, уæздан, бонзонгæ æмæ хæларзæрдæ адæймаг, мыггаджы 'хсæн æгъдаудæттæг, сыхбæсты алы хъуыддаджы дæр æнæзивæг кæстæр Сихъоты Валодяйы фырт Аланыл æххæст кæны 50 азы. Ды райгуырдтæ амондджын рæстæджы, раст Зæрæмæджы Къасарагомы, йæ рагон нæртон уындæй, комбæсты зæд Мыкалгабыры кувæн мæйы 8 июны, æмæ йæ фæдзæхст у! Дæ царды рындзыл лæууыс кад æмæ радимæ. Дæ хорз фæндтæ æмæ бæллицтæ дæ къухы дзæбæхæй бафтæнт!*

*Алан, фидар æнæниздзинад æмæ бинонты амонд дæ хай! Не 'ппæтæй дæр айс нæ зæрдиаг арфæтæ дæ кадджын юбилейы фæдыл! Алы аз дæр дæ райгуырæн бонтæ æнæмаст, æнæнизæй цæуæнт! Дæ уалдзыгон хур дæм йæ фæлмæн тынтæй бахудæд, æмæ, де 'мкъай Зæлинæимæ бирæ бинонтæ куыд бауат, рæсугъд кæстæртæ уæ алыварс куыд худой æмæ, сæ хорздзинæдтæ уынгæйæ, фæрнæй куыд цæрат бирæ азты, уыцы арфæ уæ уæд! Хурты-хурзæрин йе скæсынæй йæ анигуылынмæ цы кувæндæттæ æмæ зæдбадæнты сæрты зилы, уыдоны хорзæхтæй хайджын у! Сихъоты мыггаджы дæ сæрæн, хæрзуд, лæггадгæнæг адæймаг алы хъуыддаджы дæр æмæ Стыр Хуыцауы хæрзтæй хайджын уæд дæ амондджын хæдзар! Нæ зæрдæ дын зæгъы бирæ азты цæрæнбон, рæстæджы амонд æмæ адæмы хорзæх!*



***Ацы арфæтæ дын кæнынц, бирæ дæ чи уарзы, уыцы хиуæттæ: Валодя, Алан, Олег æмæ иннæтæ***

## Номарæн

# Рох нæ уыдзæн

Царды мидæг рæстæг ничима баурæдта... Куыд тагъд алыгъдысты бонтæ æмæ куыд тагъд æрцыд йæ афæдзы бон нæ уарзон хæлар, фыд, Ирыстоны хъæбул Томайты Мæхæмæты фырт Сосланæн (Витикæн). Райгуырд æмæ хъомыл кодта Беслæны. Уыдис бинонты кæстæр, тынг бирæ уарзта спорты хуыз — уæгъдибар хъæбысхæст. Кæд ын нæ бантысти Олимпиаг хъæзтыты фæуæлахиз уæвын, уæддæр Ирыстоны тырыса дæлæмæ никуы æруагъта. Бантысти йын цыбыр рæстæгмæ Советон Цæдисы спорты кадджын мастеры ном райсын. Куыста Мызуры астæуккаг скъолайы, фæндыд æй йæ хæларзæрдæйæ алкæмæн дæр хорздзинад ракæнын. Мыггаджы, адæмы 'хсæн бæрæг дардта йæ уæздандзинадæй, йæ хорз æгъдауæй.

Сослан йæ цардæмбал Лидæимæ схъомыл кодтой æртæ рæсугъд чызджы. Царды хорз фæндагыл сæ сæвæрдтой, алчидæр сæ райста уæлдæр ахуырад. Æртæ чызгæй дæр ссардтой сæ амæндтæ. Зæрдæмæ ныккæсæн нæй, фæлæиу æдзухдæр Ирыстоны



сомбоныл тыхсти. Нæ уарзта цæстмæмитæ, адæймагиу куы рæдыдис, уæд-иу æргомæй, цæстуарзонæй бамбарын кодта йæ рæдыддзинад. Ирон адæммæ хистæртæй баззадис ахæм ныхас, зæгъгæ-иу, дыууæ мыггаджы туджджынтæ куы фесты, æмæ сæ-иу чи бафидауын кодтаид, уыцы лæджы-иу хуыдтой кадджын, куырыхон хистæр. Уыдоны хыгъдмæ хаудис Томайты Сослан дæр. Уыдис æм бирæ хорз миниуджытæ, уарзта кæстæрты, лæггад кодта хистæртæн, æгъдау лæвæрдта, йæ фадат цас амыдта, уый бæрц. Искæй сгуыхтдзинад спорты уыдаид кæнæ ахуыры, уæд-иу ыл хур ракаст. Тынг æнувыд уыд кæстæр фæлтæрыл, йæ удæй архайдта, цæмæй раст фæндагыл лæууой сомбоны ныфсытæ.

**ТАБЕККАТЫ Харитон**

**Томайты бинонтæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, Томайты Мæхæмæты фырт Сосланы (Витикы) зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, сæ рис сын чи фæрогдæр кодта, уыцы æрцæуæг дзыллæйæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ афæдзы боны кæнд кæй уыдзæн 10 июны, сабаты, Дзæуджыхъæуы, Рæмоны-фырты уынджы 7-æм хæдзары.**

## Мæ зæрдыл цы лæууы

# Хатгай æрымысын...

**Мæ кармæ гæсгæ мын, æвæццæгæн, æмбæлы, хаттæйхатт мæ раздæры цардæй мæ зæрдыл цытæ æрлæууы, уыдон радзурын. Дис дæр фæкæнын, адон мæныл æрцыдысты, зæгъгæ.**

### Куыдзы цин

Уæд скъоламæ дæр нæма цыдыстæм. Иу райсом нæм Джеоргуыбайы бонты нæ мад дзуры: "Лæппутæ, уæ куыдз цыдæр кæны, йæ раззаг къæхтæй йæ сæр хойы, хъыллистæй не 'нцайы". Мах æртæйæ дæр рагæпп кодтам кæртмæ. Нæ куыдз Дамкæ мæнмæ йæхи æппары. Фыццаг дзы тæрсгæ дæр фæкодтон — йæ бырынкъ йæ сæры стæвдæн ссис. Куы та мæм æрбагæпп кодта, уæд йын йæ бæрзæй мæхимæ æрбалхъывтон, мæ рахиз къухæй йын йæ хъуырæй стуры стæг стыдтон. Уый уайтагъд арфæйы хъыллистытæгæнгæ кæрты къуымты дугъ систа, хатгай-иу мæ сæрты дæр агæпп кодта. Кæй фервæзт, ууыл уыд йæ цин, мæнæн та цыма арфæтæ кодта!

### "...Хорз, æмæ нæ фæтарстæ..."

Иу хабар та ахæм уыд. Уæд ахуыр кодтон 9-æм къласы. Уыдысты ноябры бæрæгбоны каникултæ. Мæ мад æмæ ме 'фсымæр уыдысты Сылтаныхъы быдыры нартхортонæнты. Иу бон сфæнд кодтон уырдæм ацæуын. Фенон мæ мад, ме 'фсымæры. Фæндаг даргъ уыд. Адæм нартхоры æхсæнты скодтой къахвæндаг, цыбырдæр уа, зæгъгæ. Æз дæр ууылты ацыдтæн. Иурæстæджы дын мæм комкоммæ стыр хъилхъус цъæх куыдз æрбацæуы. 10-12 метры дарддæр æрлæууыди, йæ гуыбыныл æрхуыссыд. Йæ хъустæ ныггæмæл кодта. Æз дæр æрлæууыдтæн. Иурæстæджы фестад, æрбадугъ кæны. Æз дæр цыма мæ фæсте исчи фесхуыста, афтæ йæ ныхмæ дугъ кæнын. Мæнæ ныр кæрæдзиуыл скъуырдзыстæм, зæгъгæ, афтæ дын уый æваст иуырдæм йæхи фæзылдта æмæ уæртæ фæлидзы.

Мæнæн мæ уæнгтæ æрлæмæгъ сты. Мæхимæ æрцыдтæн. Дарддæр мæ фæндаг дардтон. Станмæ куы бахæццæ дæн, уæд æй уым рахабар кодтон. Хистæр лæгтæ загътой: "Уый бирæгъ уыд. Тæрсгæ кæныс, уый куы бафиппайдтаид, уæд дыл йæхи ныццавтаид. Ды кæй нæ фæтарстæ, уый дæ фервæзын кодта!" Чи зоны, афтæ дæр уыд, чи зоны....

Иу хабар та ма ахæм æрлæууы мæ зæрдыл. Уæд цыдтæн райдайæн кълæстæм. Нæ уынгты цыд къанау. Сæрды-иу æй алчи йæ



цæхæрадонмæ арæзта. Иу бон къæпи райстон æмæ къанау дарддæр кæнын. Бон уыд сабыр. Иурæстæджы, цыма нартхоры æхсæнты зилгæдымгæ ракодта, уыйау сыфтæрты сыр-сыр стынг. Мæнæ дын нæ гæдыйыл калм йæхи стыхта, æмæ дын тох кæнынц. Гæды мæн куы ауыдта, уæд йæхи мæ риумæ æппары. Æз куыд нæ фæтарстаин. Фæлæ бамбæрстон, гæды ме 'ххуыс агуры, уый.

Калмы къæдзил æмæ гæдыйы къæдзил мæ цæстыты раз дыуæрдæм кæнынц. Уæд æз иуыл фæхæст дæн. Ихау уыд уазал. Фидар ыл хæцын. Гæды дæлæмæ æртылд, цыдæр фæци. Калм скъæдзмæдзытæ ис, мæнмæ лæбурынмæ хъавы. Æз æй ныззылдтон, бæласы зæнгыл æй ныццавтон, йæ сæр ныппырх. Зæхмæ æрхауд, фæмард.

Мæнæн ме 'уæнгтæ ныллæмæгъ сты, æрбадтæн. Иурæстæг мæхимæ æрцыдтæн. Хъуыдытæ кæнын: "Гæдыйы фервæзын кодтон, калмы амардтон — ай лæгдзинад куы скодтон". Сæрыстырæй къæпийы хъæдыл калмы мард систон. Нæ кæртмæ куы æрбацыдтæн, уæд мæ мад ныцъцъæхахст кодта, тынг фæтарст. Фæлæ, хабар куы бамбæрста, уæд загъта: "Уыцы гæдыйы фесафын хъæуы. Калмы маргæй хъæстæ у, æмæ нæ бабын кæндзæн".

Æз гæдыйы æрцахстон, голладжы йæ ныппæрстон. Нæ рæзты цы машинæтæ цыди, уыдонæй йæ иуы гуыффæйы ныппæрстон. Диссаг та уый уыд, æмæ та дыууææртæ мæйы фæстæ фæзынд. Немæ цæргæ баззад.

Калмы та ахастон æмæ йæ Хъарман бæласы къалиуыл æрцауыгътон. Æртыккаг бон ма дзы стæгдар аззадис — мæлдзыджытæ йæ бахордтой.

### Раскъæфтон æй вагоны бынæй

Ноджы ма иу хабар. Уæд Суриковы номыл Аивадон академийы ахуыр кодтон. Мæскуыйы цардыстæм мæ бинойнаг, мæ сывæллонимæ Рижский вагзалы цур. Иу бон нæхимæ фæцæуæм. Мæ дыууæ фæрсты мæ бинойнаг æмæ нæ сыхаг сылгоймаг. Поезд сабыргай æрбацæуы вокзалмæ. Иннæ хæттытæй ацы хатт цæмæндæр тынгдæр æхситт кæны, фæдисы хъæр. Кæсын, æмæ дын йæ ныхмæ рельсыты 'хсæнты зыбыты расыг лæг цудтытæгæнгæ фæцæуы, тагъд æй ацъист кæндзæн.

Абон дæр æй нæ зонын, не 'мбарын, куыд рауад, уый. Мæхи размæ аппæрстон, фæтæхын расыгмæ. Иуварс æй асхуыстон, мæхæдæг дæр мæхи йæ фарсмæ аппæрстон. Уæдмæ поезд æрлæууыд. Адæмы цъæхахст цæуы, уыдон æнхъæл уыдысты, æмæ мах поезды быны фестæм! Мæ бинойнаг дæр, бæгуыдæр, фæтарст.

Уыдон бæллæхы хабæрттæ сты, фæлæ хорз хабæрттæ дæр мæ зæрдыл æрлæууынц.

1959 азы мæм Советон æфсадмæ фæсидтысты. Уæд Урсдоны скъолайы черчени æмæ нывкæныны ахуыргæнæг уыдтæн.

Нæ бынатмæ горæт Тулæмæ куы ныххæццæ стæм, уæд нæ старшина ралæууын кодта. Майорæн доклад кæны: "Æмбал майор, ног салдæттæ лæууынц".

Æз æнхъæлдтон, ныртæккæ нын раарфæ кæндзæн: "Арфæ уын кæнын, Советон æфсадмæ кæй сæмбæлдыстут, уый фæдыл". Фæсте чидæр рахъæр кодта: "Ис!"

"Уе 'хсæн ирæттæ ис?" Рацыдыстæм. Уыдыстæм 19 лæппуйы Ирыстонæй. Майор нæм кæсы: "Хорз, ницы кæны, сымах мын уæзæгтæ исдзыстут æмæ хъæбысæй хæцдзыстут". Æмæ райдыдта ирæттæй æппæлын, хæсты рæстæджы сæхи куыд хъæбатырæй равдыстой, бирæты дзы номхыгъдæй дæр мысыд. Мах дæр иннæты раз скадджын стæм. Æхсызгон нын куыд нæ уыди. Се 'ппæт дæр архайдтой махимæ лымæн кæныныл.

Иннæ хабар та 60-æм азты æрцыд, академийы ахуыргæнгæйæ. Дыккаг курсмæ нæм æрбацыд, раздæр МГУ-йы чи ахуыр кодта, ахæм лæппу. Ме 'мном уыд. Михаил, фæлымæн стæм. Йæ фыд куы базыдта, йемæ ирон ахуыр кæны, уæд мæ сæхимæ ахуыдтой. Фынджы хистæр, хæдзары хицау, дыккаг бынаты мæн сбадын кодта.

Фыд дзурын райдыдта: "Æз дæн ивгъуыды афицер, фыццаг — паддзахы, уый фæстæ та Советон æфсады. Æз уым дæр æмæ уым дæр ирæттæй хуыздæр афицертæ нæ федтон. Æмæ райдыдта сæ хабæрттæ кæнын, бирæты дзы номæй дæр хъуыды кодта. Мæхицæй сæрыстыр æз дæр куыд нæ уыдтæн!

**ДЗБОЙТЫ Михал, Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

### Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

### Сыгъзæрин дзуары бæрæгбон

**Хуыцаубоны, 11 июны, Абайты мыггаг кæнынц Сыгъзæрин дзуары куывд.**



**Бæрæгбон уыдзæн мыггаджы кувæндоны Дзуарыхъæуы.**

**Æппæт фарстаты фæдыл дæр бадзурæн ис ахæм телефонтæй:**

**+7 930-850-99-90 (Виктор);**

**+7 989-748-53-84 (Æхсар).**

**Домашние хинкали, люля куриные и смешанные, шашлык, а также соленья (квашеная капуста, маринованная капуста с куркумой и болгарским перцем, огурцы соленые и свекла по-грузински).**
**Заказы принимаются по тел.: 8-906-188-38-83 (Манана).**

**Ремонт стиральных машин и холодильников.**
**Тел.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).**

**Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти.**
**Тел.: 8-989-037-18-04.**

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19,** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3434.
Заказ № 668.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**